EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejsspc




# THE ROLE OF TRANSPORT IN THE SOCIO-ECONOMIC DEVELOPMENT OF KARAKALPAKSTAN

**Tulepov Sultan Polatovich**
History teacher at the Specialized school of Kegeyli district
https://doi.org/10.5281/zenodo.17255444

**ARTICLE INFO**

Received: 14th September 2025
Accepted: 29th September 2025
Online: 30th September 2025

**KEYWORDS**

*Automobile, railway, agriculture, industry, "Karakalpaktrans" motor vehicles.*

**ABSTRACT**

*This article discusses the role of transport networks in the socio-economic development of Karakalpakstan in the post-World War II years. It highlights how the development of automobile, railway, and air transport created favorable conditions for the rapid growth of agriculture and industry in the republic.*

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ СОЦИАЛ-ЭКОНОМИКАЛЫҚ РАЎАЖЛАНЫЎЫНДА ТРАНСПОРТТЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ

**Тулепов Султан Полатович**
Кегейли районы Қәнигелестирилген мектебиниң тарийх пәни оқытыўшысы
https://doi.org/10.5281/zenodo.17255444

**ARTICLE INFO**

Received: 14th September 2025
Accepted: 29th September 2025
Online: 30th September 2025

**KEYWORDS**

*Автомобиль, темир жол, аўыл хожалығы, санаат, «Каракалпактранс», автотранспортлар.*

**ABSTRACT**

*Бул мақалада Қарақалпақстанның екинши жер жүзилик урыстан соңғы жыллары социаллық-экономикалық раўажланыўында транспорт тармақларының тутқан орны сөз етиледи. Бунда автомобиль, темир жол ҳәм ҳаўа жоллары транспортларының раўажланыўы республикада аўыл хожалығы ҳәм санааттың тез пәт пенен өсиўине шараятлар жаратып бергенлиги көрсетип берилген.*

Екинши жер жүзилик урыс басланыўынан-ақ жүк автомобиллери айдаушылары менен қоса фронтка кетти. 1941 жылы Автотранспорт басқармасында 142 жүк машиналары болса, 1943 жылы 92-ге қысқарды. Жүк тасыў көлеми кескин азайып кетти: 1940 жыл менен салыстырганда 3,5 есеге кемейди, жүк айналысы 1988,7 мың тонна/км орнына 561,2 мың тонна/км болды. 1943 жылы барлыгы болып 4,2 мын жолаўшы тасылды. 815,5 мың жолаўшы/км көрсеткишке ерисилди, 1940 жылы болса 228,8 мын жолаушы тасылган еди.[1]

---

[1] Т.К.Камалов,Е.К.Умаров Некоторые проблемы развития транспорта в Каракалпакии. Н, 1977, б. 27

1944 жылы үлкемизде 60 автохожалык болды. Олар ўатандарлық ЗИС-5 хам ГаС-а маркалы автомобиллерге ийе еди. Барлык автомобиллердин 15,4 % Халык Комиссарлар Советине, 18,3 % МТСларга, 49 % «Загохлопкотрест»ке, 5,3 % «Респотрепсоюз»га, 1,8 % байланыс басқармасына қараслы болды.

Урыстан соңғы жыллары жаңа автобазалар шөлкемлестирилди, Нөкис каласында жылына 250 машинага ири ремонтлаў жумысларын жүргизетугын устахана салынды. 1949 жылы республикада ҳәр биринде 8-10 автомобиллерге ийе 55 автохожалык пайда болды. «Каракалпактранс» та халық хожалык жүклерин тасыйтугын 53 автомобиль есапка алынды. Республика бойынша 4311 мын тонна жүк тасылды ҳәм 10873 тонна/км жумыс атқарылды. Соның ишинде улыўма пайдаланыўда автотранспорт пенен 52,1 мың тонна жүк тасылды ҳәм 1011 мың тонна/км жумыс орынланды. 1949 жылы жүк тасыйтугын автомобиллерге жүрген жолларын көрсететугын өлшеўши (спидометрлер) орнатылды .

1953 жылга шекем тек Нөкис қаласында улыўма пайдаланыўдагы бир автобаза болды. Бул №14 автобаза деп аталды. Үлкен санаат районларына хызмет етиў ушын оның 15-20 автомашинага есапланган автоколонналары болды.

Қаракалпакстан автомобиль транспорты хам тас жоллар министрлиги 1953-жылы дүзилди. Усы жылдан баслап республикамыздын автомобиль транспортын раўажландырыўда түпкиликли бурылыс жылы болды. Сондай-ак дүзилиў ўактынан баслап  Қарақалпакстан автомобиль транспорты ҳәм тас жоллар министрлиги де улыўма пайдаланыўдагы хожалық есабында ислейтугын автобазаларды шөлкемлестириўге турақлы багдар алды. тас жолдың орнына асфальт жолының салыныўы бул үлкен әҳмийетке ийе болды. Узынлыгы 6 км болып, Нөкис каласынан Әмиўдәрьяга шекем 1954  жылы жол салынды. 1953-жылы №25-Хожели автобазасы, 1954-жылы №42-Беруний автобазасы, 1955-жылы №40-Шымбай автобазалары дузилди. 1954 жылы апрель айынан баслап женил хам жүк тасыйтугын таксилер алып келине баслады[2].

1955 жылы улыўма пайдаланыўдагы автомобиллер парки баска ведомостволар¬дан кабыл етилген автомобиллер есабынан кескин ости, Нөкис каласында №51 автобаза шөлкемлестирилди[3].

1960 жыллары  Хорезм ўалаяты Қарақалпақстанды Әмиўдәрьяның оң ҳәм шеп жағалаўлары бойлап ҳәрекетленетуғын тийкарғы жолларды қурыў бойынша үлкен жумыслар әмелге асырылды.  Төрткүл - Беруний - 80-ши жол қурылды; Нөкис жолы - Хөжели - Тақыятас; Хазарасп - Ханки - Үргениш - Гурлен - Жумуртаў жолы. Хөжели - Қоңырат, Жумуртаў – Манғыт ҳәм басқа  бир қатар жоллар қурылды.

1964 жылы 20 мартта Өзбекстан Компартиясы Орайлық Комитети ҳәм Өзбекстан Министрлер Кеңеси «Газли-Дул-Дул-Хазарасп-Қоңырат ҳәм Нөкис-Төрткүл-Дул-Дүл автомагистраллары қурылыслары ҳаққында» 170-санлы қоспа

[2]Х.Худайбергенов, К.Назбергенов. Айдын мәнзиллер   Ташкент, 1997, б.27

[3] Ж.Шамуратов, А.Халмуратов Мәнзиллер шақырады. Нөкис, 1992, б.22

қарар қабыл етти. Өзбекстан басшылары Ш.Рашидов ҳәм Р. Қурбонов Қарақалпақстан ҳәм Хорезм экономикасын және де раўажландырыў, пахта, дән, салы ҳәм басқа аўыл хожалығы егинлерин жетистириўди көбейтиў ҳәм раўажландырыўды ең әҳмийетли ўазыйпалардан бири деп есаплаған.

1964-1966 жыллар даўамына Дул-Дул - Төрткүл, Беруний - Нөкис, Манғыт – Тақыятас ҳәм Қоңырат - Үрге автомобиль жоллары қурылды, олардың улыўма узынлығы 341 км болды.

1965 жылы Қарақалпақстанда холера эпидемиясы себепли транспорт жумыслары тоқтатылды.

1960 жыллары Каракалпакстан Республикасының автомобиль транспорты хам гүзар жоллар министрлиги автохожалыкларында 26 % жүк тасыў автомобиллери, 29 % автобуслар, 6 жүк тасыўшы хәм 45 женил таксилер болды. Улыўма пайдаланыўдагы автотранспорт шөлкеминин салыстырма салмағы улыўма жүк айланысынын 30 % курады. Сол жыллары авто-гүзар жоллар министри болып Каллибек Камалов иследи.

1960-жыллардың орталарында Кегейлиде №116, Төрткүлде №115, Тахтакөпирде №13, Нөкисте №14, Мойнақrа №15 автотранспорт кәрханасы дүзилди.

Өткен әсирдиң 70-жылларында Қарақалпақстан аймағы арқалы Арал теңизи портларына жақынласатуғын Гурьев-Бейнеў-Қоңырат-Нөкис-Бухара-Карши-Ғузор автомагистралы шөлкемлестирилди. Арқа-батыс бағдарда ол Қазақстанға ҳәм оннан Россияға Бейнеў-Гурьев-Астрахан ең қысқа бағдар бойынша транспорт шығыўы тәмийинленди.

Қубла-шығыс бағдарда ол Түркменстанның Ташауз ўалаяты, сондай-ақ Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстанның Бухара, Қашқадәрья ўалаятлары экономикасына хызмет етти, аўқам әҳмийетиндеги ири газ кәнлери - Газли ҳәм Муборак арқалы өтти. 500 км ден артық жол даўамында Орайлық Азия-Орай ҳәм Бухара-Урал магистрал газ трубалары жанынан өтип, олардың транспорт талапларын қанаатландырды. Орайлық Азиядағы ең ири қурылыслардан бири болған Түйемойын ГЭСи ушын транспорт хызметлерин көрсетти.

Соңғы бөлиминде бул жол Қарши шөлинде пахта ушын арналған жерлерди кесип өтти ҳәм Уллы Өзбек магисралы менен байланысты. Бул жол Бухара ҳәм Хийўа тарийхый естеликлерине туризм жолы еди.

Наўайы-Зарафшан-Үшкудық-Нөкис автомагистралы республика әҳмийетине ийе болып, узынлығы 630 км. Қарақалпақстан Республикасының Өзбекстанның орайлық бөлимине туўрыдан туўры автомобиль жоллары арқалы байланысыўы, сондай-ақ Қазахстан ҳәм Россияға Нөкис-Қоңырат-Бейнеў жолы бойлап транспорт жолы менен шығыў тәмийинленди.

1971-1980 жыллары жаңадан 42 автобус маршрутлары ашылды. Жолаўшылар ҳәм жүк тасыў бойынша жумыслардың көлеми 1,7 есеге көбейтилди[4].

[4] Камалов К. Ел хызметинде. Н., 1995

1980-1990 жыллардагы «Каракалпактранс» өндирислик бирлеспеси жәрдемши хожалықлар, турақ жай қурылыслары кеңнен раўажланып барды. атап айтканда, 1990 жылга шекем №19 Нөкис автобус сарайы менен Хожели автобус-таксомотор сарайы гаражлары салынып, пайдаланыўга берилген болса, Төрткүлдеги №115, Нөкистеги №120, Тақыятастағы №109 автокәрханалардан басқа барлық автокәрханалардың өндирислик базаларын реконструкциялаў жумыслары питкерилди.

Қарақалпақстанның ҳәмме район орайлары менен қалаларында автовокзал, автостанциялар салынып болынды. Ал 1987 жылға шекем тек Нөкисте автовокзал, районлар орайында 4 автостанциялар ҳәрекет етип келди. Автотранспортшылар ушын турақ жайлар тез пәт пенен қурылды. Маңғыт қаласында 16 квартиралы, Хожелиде 40 квартиралы, Төрткүлде 24 квартиралы, Нөкисте 60 квартиралы, Берунийде 24 квартиралы турак жайлар салынып, пайдаланылды.

1992-жылы 3-июльда «Өзбекстанда автомобиль жоллары ҳаққында нызамы» қабыл етилди. Усы нызамда Өзбекстан Республикасында автомобиль жолларын раўажландырыў ҳәм пайдаланыў тараўында жәмийетлик қатнасықларды ретлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары белгилеп берилди.

Автомобилль транспорты, тараўы экономикасының ҳәр түрде болыўы басқарыў қурамын иске асырыў жүзесинен жумысларды избе-излик пенен алып барыўды талап ететуғын еди. “Ўзавтотранс” корпорациясы басқармасының 1995-жылы 17-ноябрьдеги N 13 санлы қарары менен мәмлекетлик-акционерлик бирлеспелери, (концернлери) акционерлик жәмийетлери басқарыў органлары ҳаққында үлгили нызамлар тастыйықланды[5].

«Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспеси қурамында 22 автотранспорт акционерлик жәмийети, 2 жәмийетлик ҳәм 4 мәмлекетлик автомобиль хожалығы болып олар тийкарынан Өзбекстан Республикасының ишинде қарыйдарлар менен дүзилген контракт ҳәм шәртнамаларға муўапық жүк ҳәм жолаўшылар тасыў жумысларын орынлады.

«Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспеси орынлайтуғын үлкен тапсырмалар ҳәм машқалалар өз ўақтында орынланып киятыр. Соның менен қатар хожалық хызметинде өз орнын тапқан имканиятларда айрықша итибарға алынбақта. Автотранспортлар алдында келешекте экономикалық өзгерислер сынағы турыпты.

## References:

1. Т.К.Камалов, Е.К.Умаров. Некоторые проблемы развития транспорта в Каракалпакии. Н, 1977, б. 27.
2. Х.Худайбергенов, К.Назбергенов. Айдын мәнзиллер, Ташкент, 1997, б.27.
3. Ж.Шамуратов, А.Халмуратов Мәнзиллер шақырады. Нөкис, 1992, б.22
4. Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис, 1995.

[5] Сидикназаров К.М., Ахмедов У.В. Ўзбекистон автотранспорти ўтмишда ва истиклол йилларида. –Тошкент, 2001. Б.183

5. Сидикназаров К.М., Ахмедов У.В. Ўзбекистон автотранспорти ўтмишда ва истиклол йилларида. – Тошкент, 2001. Б.183